# ГЬУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 74-75 (10074-10075) | 23 декабрь | Итни | 2019 сон


# Гьудуллъи




## ПОДПИСКА 2020








# Газета ва гьелъул кIвар

***ГЬАБ ЦIАЛИЗЕ БЕГЬИЛААН НИЛЪЕР БАКIАЛЪУЛАЛ ХIАКИМЗАБАЗ, УЧРЕЖДЕНИЯБАЗУЛГУН ОРГАНИЗАЦИЯБАЗУЛ НУХМАЛЪУЛЕЗ. ЖАКЪА КИНАЗДАГО БИЧIЧIУЛЕБ ГЬЕЧIО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТАЛЪУЛ КIВАРГИ МАГIНАГИ!***
***Muhammad Kebedov. «ГЪУНИБ» газеталъул бетIерав редактор***




Цебе басмабазулги гьезда рахъарал макъалабазулги хъулухъчагIазда, интеллигенциялда (тIоцебесеб иргаялда учительзабазда ва медицинаялъул хIалтIухъабазда) ва гIадатиял гIадамазда гьоркьоб кIудияб къиматги хIурматги букIана. Аслияб куцалда гьездасан босулаан гIадамаз лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ баянал, учительзабаз, тохтурзабаз, культураялъул хIалтIухъабаз ва росдал магIишаталъул специалистаз хIаракат бахъулаан жидерго лъай ва махщалил балъголъаби гIадамазда гьоркьоб тIиритIизаризе, мухбирзабаз бицунаан ккарал лъугьа-бахъиназулги лъикIал гIадамазулги хIакъалъулъ.

Цо-цо мехалда газетал ва гьезул хIалтIухъаби сверулаан хъулухъчагIаз къварид гьавурав мискин-пакъирасе жидерго цIехрехаздалъун кумек гьабулел идарабилъун ва халкъиял къисасчагIилъун (народные мстители).

Масала, «БагIараб байрахъ» газеталда хIалтIулеб мехалъ дие рес щвана хIакимзабаз сияхIазда нахъегIан рехарал чангоясе иргаялда рекъон квартира щвезабизеги, квешаб бералда бихьун, хIалтIудаса нахъе реххарал гIадамал хъулухъалде тIад руссинаризеги.

Ай, халкъ ругьунлъун букIана цIалдезеги, цIалун щвараб лъаялдаса пайда босизеги, законазда рекъон ругел жидерго ихтиярал цIунизеги.

Гьеле гьеб гIиллаялдалъунин щибаб районалъул централдаги, шагьаразул аслиял къватIахьги газетал-журналал ва тIахьал ричулел гIисинал тукаби (киоскал) рукIарал.

Къоло анлъго соналъ цебе нилъер пачалихъалъул тушбабазул мурадазда хIалтIулев вукIарав гьекъолдухъанас, демократиялъул хIакъалъулъ рицунел харбазазул макъаналда гъоркь, улкаялда ккезабуна пачалихъияб хиса-свери, гьелдаса пайдаги босун хъулухъаздеги кIвар бугел ишаздеги рачIана шакал «гьунаразул» гIадамал. Гьезие хIажат рукIинчIо лъай бугел ва законазда рекъон хьвада-чIвадулел гIадамал ва дозул «ханлъиялъул» заманалда гIадлуги биххана ва халкъги дагьалдаса 50 соналъул болжалалда нахъе, битIахъе абуни, жагьиллъиялде ккана, нухмалъиялъул ишазда ругел гIадамалин абуни жидерго хъулухъазул кабинетазул ханзабазде сверана.

Ва, жакъа «Гъудуллъи» газеталде , гьелъул хIалтIухъан хIисабалда авар мацIалда хъвалеб тIоцебесеб макъалаялдаги рехсолел гьечIо гьезул цIарал ва гьез жидерго хъулухъазда жанир рихьизарурал «гьунарал».

Космонавтикаялъе къучI лъуразда гьоркьов жиндир цIар рехсолев машгьурав Циолковскияс квачараб рокъов вакъун вугев мехалъги абун рагIула: «Заманги ахIвал-хIалги хисичIого букIунарилан». Гьединлъидал, дицаги чанго соналъ сабурлъи гьабуна магIарул халкъалда жанир ругел кIвар цIикIкIарал гIунгутIаби жаниреги рачун.

Дица дунго талихI бугев чилъун рикIкIуна: Аллагьас дун цIунана бугеб хIакъикъат рагьун макъалаби хъвалел гIадамал чIвалеб заманалда, кIвана дидаго лъалел ва дица политикиял ишазулъ жидее кумек гьабурал хIакимзабазухъе «дунго ракIалде щвезавун» инчIого чIезе, бажарана хъулухъалъул ресаздаса ва махщелалдаса намус-яхI рехун тараб пайда босунгутIизе.

Ва гьале ракIалдаго гьечIого хисана замана, авар миллаталъул газеталъул нухмалъиялдаса нахъе вачахъана лъай дагьав ва бажари гьечIев хъвадарухъан.

Гьединлъидал бокьун буго магIарул ва МугIрузулаб Дагъистаналъул бищунго кIудияблъун жиб кколеб Болъихъ районалъул газеталъул хIалтIи лъикIлъизабиялда тIасан цо-цо пикраби загьир гьаризе.

Масала, дица тIубанго рахъ ккола сайталда лъураб «О значении районной газеты» абураб макъалаялъул аслиб пикруялъул: Районалъул Администрациялъги Депутатазул собраниялъги къабул гьарурал ва жал районалъул официалияб сайталда лъурал хIукмаби «Гъудуллъи» газеталда такрар гьари битIараб гьечIо. Гьелъ газеталдаса газета цIалулезул ракI инабулеб буго.

Нагагьлъун, законалда рекъон, районалъул идарабазул хIукмаби кагътил басмабазда рахъун рукIине ккolел ратани, газеталъул хасал номерал къватIире риччазе бегьила.

Кинго тIад рекъезе бегьиларо кIудияб районалъул газеталъул подписка кIинусго экземпляр гурони гьечIолъиялда. Подписка гьабун щвараб гIарац редакциялдаса рикIкIад гьабиги гъалатI гьечIодай?

Жакъасеб обществоялъул гIумру газетал, журналал ва тIахьал гьечIого ва гьездаса гIатIидго пайда босичIого букIине бегьуларо. Гьелда бан бачIине бегьула: «Кинал масъалабазда тIад хIалтIизе ккoлеб газета?» – абураб суал. ХIаракат бахъила къокъго гьелъие жаваб кьезе.

1 Законалда рекъон, Дагъистан Республика ккола демократияб пачалихъ Россиялъул субъект, ай нилъер гьаниб тIолабго обществоялъул гIумру гIуцIизе ва ине ккола законазда ва хьвада-чIвадиялъул гьанжесел къагIидабазда (этика) рекъон.

БитIахъе гьединаб ахIвал-хIалалъул хIасиллъун рикIкIине ккола гIурус ракьалде хIалтIизе ва армиялде хъулухъ гьабизе арал гIолохъабазул гьанжесеб заманалъул хьвада-чIвадиялъул къагIидаби лъангутIиялъул къучIалда кколел захIмалъабиги гIемерал балагьал ишалги.

ТIад вуссун такрар гьабулеб буго: я умумузул батараб диналде, я диниял хIаракатчагIаздехун дир кинабгIаги дагIба, яги дандечIей гьечIо. Амма, светский пачалихъалда жаниб исламиял законазда рекъон гIумру гьабизе бегьуларо, гьабсагIат бугеб ахIвал-хIал цIунун тани, хадубккун нилъер гIолохъабазда дандчIвалел захIмалъаби цIикIкIине руго. КIочене бегьуларо гьадинаб рахъги: дагъистаниязул ва хасго магIарулазул гIумруялъулъ законазде денде кколарел рахъал ратизе ва гьел гIемерлъизе бокьарал батIи-батIиял хъулухъалъулал гIадамалги республикаялдаги гьеб тун къватIирехунги дагьал гьечIолъи.

Гьебго рахъалъ цоги суал: республикаялда, гьелдаго жаниб цо-цо магIарул районаздаги, рак унти цIикIкIун бугилан ахIи балеб бугоан жамгIиял хIаракатчагIаз. Интернеталда дадчIвалел цо-цо баяназда рекъон, рак унти багъаризабиялъе аслулъун ккoлеб буго инсанасул черхалде жанире боцIи-панзалъул ва хIутI-хъумуралъул цунтрул (паразиты) ккей ва гьезде данде къеркьей гьабунгутIи.

Иш гьедин бугеб мехалъ, тохтурзабазул рахъалъ «лъимги кIалдибе босун чIей» ккола хъулухъалъулаб такъсир.

Гьал ва цогидалги масъалаби тIуразариялъе квербакъизе ккола «Гъудуллъи» газеталъ, гьелъул божарал гьудулзабилъун ва мухбирзабилъун рахъине ккола учительзаби, медицинаялъул, культураялъул ва росдал магIишаталъул хIалтIухъаби ва тIолалго лъай-гIакълу бугел гIадамал.

Авар миллаталда жанир ругел загIипал рахъазул хIакъалъулъ бицине жо гIемер буго. Жакъа гьалда къокъ гьабун телин.

**ГIалисултан ГъазимухIамадов,**
**«Дагестанцы» газеталъул редактор,**
**«Халкъазул, инсанасул ва гражданазул ихтияралги мурадалги цIуниялъул жамгIияб цолъиялъул» Правлениялъул сопредседатель.**

**ТIадежубай: Газета цIалулезул баяналъе:**
**Тел. 8 965 492 34 99**
**Эл. адрес: avarstan@mail.ru**

# О значении районной газеты

В провинции, в глубинке, в отличие от большого города, а уж тем более столицы, - свой специфический уклад жизни, свои приоритеты и миросозерцание в целом. Соответственно средства массовой информации в больших и малых городах воспринимаются населением по-разному. Более того, сами функции, например, газет могут сильно отличаться, и в действительности разнятся настолько, что в большом городе газеты давно стали преимущественным способом утверждения амбиций, средством политической игры, выразителями групповых интересов в борьбе за власть и сферы влияния. Провинциальная же газета остаётся центром притяжения и единения людей.

В районном небольшом городке или даже поселке газета продолжает служить общению людей, пробуждению их интересов друг к другу, к окружающему миру, к актуальной проблематике жизни страны. Такую газету ждут, обсуждают публикуемые в ней статьи и заметки, обращаются в редакцию со своими нуждами, всегда находя понимание, поддержку и готовность помочь, конкретно выражающуюся в новых материалах.

В такой газете ничего не выражающие публикации резко снижают ее авторитет в глазах населения, отталкивают людей от подписки, от желания приобрести очередной номер, а в конечном итоге разобщают их, потому что пропадает предмет живого обсуждения. Иначе говоря, в районной сельской газете, какой бы скромной по средствам и малой по форме она ни была, важна каждая строка! Это предъявляет к редактору и всем сотрудникам такой газеты особые требования. Формальное бездушное отношение, маскирующееся пресловутым журналистским профессионализмом, здесь не пройдет, а такой журналист встретит непременное осуждение жителей, да и в газете он не задержится.

Средства финансирования столичных и провинциальных газет смешно даже сравнивать! Говоря без преувеличения, в районной газете любой оплачиваемый заказчиком материал, хотя бы и в несколько сотен рублей, служит пополнению бюджета газеты. Никаких инвесторов, частных или корпоративных владельцев от бизнеса у сельской газеты нет, она содержится исключительно на средства местной администрации. Стоит ли говорить, сколь скромны эти возможности? И вот, будучи рупором совестливости, регулирующим жизнь в селе механизмом, центром притяжения и объединения людей, обычная районная газета оказывается самой незащищенной и в то же время героически выполняющей свою миссию.

Начав свою работу в "Пушкинском крае", я посетил все районы Псковской области, побывал в редакциях большинства местных газет. Всюду встретил единство мнений в том, что принуждаемые в обязательном порядке к регулярным публикациям нормативно-правовых актов, районные газеты быстро теряют интерес у населения, а у сотрудников редакций вызывают пессимизм, вредят творческой инициативе, отравляют существование, вплоть до ущерба здоровью.

И это притом, что есть специальные порталы, сайты, электронные журналы, где можно найти любую нужную нормативно-правовую информацию! В районной газете такая информация никому не нужна, ее никто не читает и читать не будет. Да и физически невозможно прочитать, поскольку из-за ограниченности газет в средствах весь этот нескончаемый поток нормативно-правовых предписаний печатается самым мелким шрифтом.

Уверен, что ни Ломоносов, ни Менделеев, ни Суворов, ни Пушкин, как и многие другие замечательные люди России, служившие Отечеству за совесть, не за страх, не одобрили бы бестолковое в своей сущности принуждение районных газет к публикациям нормативно-правовых материалов. И вот, пользуясь высокой трибуной, уверенный в справедливости своих слов, смело взирая на сияющие звезды Московского Кремля, не могу не спросить - и спрашиваю президента страны: кому это надо?

Ни сельским жителям, ни сотрудникам районных газет, ни регулярным и потенциальным подписчикам это совсем не нужно. Скажу больше: это на руку лишь тем, кто заинтересован в ослаблении России. И бесполезно здесь стучаться в какие-либо инстанции, потому что только президент страны может оперативно быстро положить конец всему этому абсурду.

## Къо-мех лъикI, дир хириял газетал!



Жакъа гIадин ракIалда бугоункъабилеб классалда дун цIалулев вукIараб замана. Инсуца босун бачIана «БагIараб байрахъ» газета ва гьелда бугеб макъала цIализе къуна дихъе. Гьеб сордоялъ нижехъ гьоболлъухъ гIемер чи вукIана. Дица газета расги бокьичIого кодобе босана ва гьелда тIад бугеб, макъала цIалана. Материалалда бицен гьабулеб букIана 49 сордо-къоялъ шибго кваназе жо гьечIого океаналда хутIарал ункъго ралъдахъанасул хIакъалъулъ. ЦIалана гьалатI ккеялдаса цIунун, цIакъ хIинкъун. ГIенеккаразе цIакъ бокьана дир цIали. Гьеб мехалъ инсуца абуна: «Газета магIнаялда ва чвахун цIалулев чи гьев цIаларав чи вуго. Гьанже нилъеца газеталги хьвазе руго»-ян. Гьеб, ай 1960 соналдаса байбихьун инсуца дие хьвана газетал: «БагIараб байрахъ», районалъул «Социализмалъул байрахъ», «Пионерская правда». Школалъул гIумруялда дие гьел газеталги цо алхинчIого рачIинеги рачIунаан. Гьоб заманалъ газетазул гьурмазда рахъулан гIадамазе цIализе рокьулел материалал: цIиял харбал, критикиял макъалаби, гIадатазул жул, гIажаибаб бокIон, пачалихъалъ халкъалъе гьарурал хIалтIаби, тIуразарурал планал, колхозаз бечIчIараб рахьдал сводкаби, гIезабураб гIи- боцIул ва тIощалил къадар ва гь. ц.

Советияб заманалда нижер гьитIинаб росдал щибаб хъизаналъе ва росулъ ругел учреждениябазе рачIунаан газеталгун журналал. Нижер росулъе поч бачIиндал, росдал годекIан чIаголъулаан. Жакъа абуни, гьеб чIаголъиги тIагIана, киналгоги руссун руго телефоназде. Жакъа росулъе бачIунеб батила учительзабазе лъабго-ункъго газета. Гьанже газетал хьвазариялде кIвар кьолел я хIукуматалъул я почалъул хIалтIухъаби гьечIо.

Армиялдаса тIад вуссун хадуб дица жакъа къоялде швезегIан газетазулгун бухьен хвезе течIо, гьезде тIадеги «Гъудуллъи», «МагIарулай» журналалги ва ахирал соназда «Миллат» газетаги хьвана.

Гьел газетал рачIиналъухъ ниж урхьун ралагьун чIун рукIунаан рикIкIадаб сапаралъ арав гIагарав чи тIад вуссун вачIиналъухъ гIадин. Амма пайда щиб, гьал ахирал соназда, росулъ поч къаралдаса, газетал рачIиналъул иш цIакъ къанагIатлъана. БитIун абуни, моцIида жаниб цо нухалъ цадахъго чанго номер бачIуна. Гьелдаги гIей гьабун букIана, амма номерал камизарун рачIине лъугьиндал, ракI буссине лъугьана. Тартибалдаги рачIунарел, рачIаралги камизарун щолел рукIиналъ, газетал- журналазе къо-мех лъикI гьабизе бокьун буго.

**Салман ХIасбулаев, Шодрода росу.**

**БитIун лъагIелалъ цебе хьвараб гьаб макъала, жакъаги пайдаяблъун бихьун лъуна гьаб номералда ва божула,Салманицаги гьединго гьесул росуцоязги, хIаракаталда «Гъудуллъи» казиятги хьвалилан.**

## --- ХАСАБ ПИКРУ ---



Нилъеца гали чIвана XXI гIасруялда. ГIемераб хиса-баси ккана, бихьана нилъер кутакаб пачалихъ-СССР, гIадан-чияс ургъун цере рачIана цIиял технологиял сурсатал-интернет, айфонал, тарихалъ хIалтIизабулеб телевидение ва цогидабги.

СССРалъул мехалъ газета ккolaан аслияб информациялъулаб орган. Гьениб жаниб идеологиялъулаб мухъ аслияб бугониги, щолаан батIи-батIияб информация, лъалаан пачалихъалда ва дунялалда ругел лъугьа-бахьинал.

Ахир заманалъ гIадамазул газетаздехун хурхен тIагIун буго. Хасго «Гъудуллъи» газетаги гьебго тамихIалде ккун буго. Щибха гIилла? Жинди-жиндир пикру батIияб букIина.

Бицина дирго пикру.

1. Гьанже бугеб заманадул гIаламатал (тIадегIан рехсарал цIиял технологиялъул сурсатаз кьолел информациял хехал ва бечедал рукIин).
2. Хасго пачалихъ- хIукумат газеталдаса рикIкIад чIчIей.
3. ГIадан-чиясул, хасго магIарухъ яшав гьабулезул мискинлъи, цоги шагьи-капек цIунулел рукIин къавулъ хIажатаб жо босизе.

Щибха гьабизе ккелеб «Гъудуллъи» газеталъул редакциялъ, жидерго «лъимер» (детище) гIадамазе бокьизе ккани?

1. ГьитIинаб халкъалъул чагIи (магIарулал гIадинал) ккола патриотал, жидерго ракь, халкъ, тарих бокьулел. Гьединлъидал дие бокьилаан тематика газеталъул материалазда бихьизе.
2. Нилъер районалъул телевидениялда мех-мехалда букIуна районалъул организациязулгун учреждениялъул специалисталгун гара-чIвариял. Гьединабго формат бахьине газеталдаги.
3. Газета цIалулеб мехалъ ратула грамматикиял гIунгутIаби (ошибки). Гьединал жалаца гьоркье ккола тIолабго газеталъул кьимат.
4. Газета хьварав чиясухъ, газета бачIуна цIакъго кватIун. Редакциялъ гIилла цIехон, гьеб гIужалда сверухъ кIудияб хIалтIи гьабизе ккола.
5. Газеталда лъезе материал дагьлъараб мехалъ, кIиго-лъабго тIамачалда ратула Болъихъ районалъул росдал бюджеталъул тарихал. Баккула суал: Щай болъихьав чиясе лъазе ГIалахъ росдал бюджет, ялъуни мунисев чиясе гьагьадерил бюджет? Гьеб практика хIажатаб гуро. Щибаб росдал бюджеталъул тарихал лъазе бокьарасе администрациябазул нуцIби рагьун рукIуна.

Цогидал чагIазул рукIина жидерго пикраби, гьелги рицина гьез редакциялъул хIалтIухъабазда. ГIолазулго пикраби анализ гьабун, лъикIаб-квешаб батIа гьабун хIалтIани, «Гъудуллъи» цIакъго магIна бугеб лъугьине ккола. Хадусеб иргаялда газета хьвалел чагIиги районалда гIемерлъила.

**Зиккулаев МухIамад,**
**Болъихъ районалъул ДЮСШялъул инструктор-методист.**

# КИН БУГЕБ

**Гъал къоязда редакциялъул мухбирзабаз цIех-рех гъабуна «Гъудуллъи» газеталда сверухъ гIадамазул бугеб пикрудул. Аслияб къагIидаялда суалал рукIана гIуцIун: «Бугищ нужеца подписка гъабун нижер газеталъе»?; «Щиб цIализе бокьилаан «Гъудуллъи» газеталъул гъурмаздаса», «Бугищ критика ва гъари редакциялдехун?». Гъел суалалгун къватIире рахъарал нижеда, кIудияб гъудуллъи батичIо халкъалъул «Гъудуллъи» газеталъулгун. Нижее жавабал ратана тIаса рихьизе кьолелллъун. Цо-цояздайин абуни лъалебгоцин гъечIоан сундулъ хIалтIизабулеб «нигIмат» букIин «Гъудуллъи» .**

**ГIадатиял гIадамазе суалал кьолаго суалазе жавабал кьеялде иш нижерго ккана.**

**- «Гъеб щиб газета? Гъединаб газетайищ бугеб? Дида тIоцебе рагIулеб буго»,-ян абулеб букIана гIемерисез. Бугониги ратана газеталъул ургъелги гъелъулгун лъай-хъвайги бугел гIадамал.**

**Гъоркьехун рахъулел руго цо-цоязул жавабалги.**



**ХанмухIамад ХIажиев, ДЮСШялъул методист, бетIерав инструктор, гIемерал соназ районалъул лъай кьеялъул Управлениялъе нухмалъи гъабурав.**

**«Гъудуллъи» газеталъулгун гъудуллъи бугищ дур ХанмухIамад?**

Газетазулгун гъудуллъи дир жеги советияб заманалдасанго букIана. ЦIакъ рокьула дие гъел цIализеги. «Гъудуллъи» газетайин абуни дир щибаб анкьилаб гъобол буго. БитIараб бицанани, кутакалда рекIее захIмалъулеб буго газетаги, гъелъул тиражги куцги гIодобе кколеб букIин.

**Щиб цIализе ва кинаблъун «Гъудуллъи» газета бихьизе бокьилаан дуего?**

- Советияб заманалда газеталда бихьизабулаан районалъул росабазул гIумру. РукIунаан критикиял макъалабиги ва гьелда тIадеги гъабулаан цIех-рех борхараб суалалда сверухъ гъабун бугищ хIалтIи яги гъечIищали. Гъединан, гIадамазул суалалги рорхулеб, гъелда сверухъ хIалтIиги гъабулеблъун бихьизе бокьун буго дие «Гъудуллъи» газетаги.

Кутакалда нахъ кколел руго арал соназул газеталде данде босани жакъасел газетазул иш. Гъеб цохIо «Гъудуллъи» газеталъул хIал гуро. Киналго газетазул иш гъедин буго. ЗахIмат букIина жакъа бокьараб информация телефоналдасанги телевизоралдасанги щолеб заманалда, гIадамал газета цIалиялде руссинаризе. РакIалда ккола, нухазулги, токалъулги, лъелги, ай халкъалъул гIузруги, гъезул цебетIейги, бергьенлъиги, пагьмуги газеталъул гъурмазда нужеца загьир гъабунаниги цIалдолел ратизеги газеталъул тираж борхизеги кIвелилан.

**Кинаб гъара-рахьи гъабилеб дуца «Гъудуллъи» газеталъе?**

Гъарула гIадамазул гъира-шавкъ цIикIкIунел рубрикабиги, кутакаб тиражги. Гъеб кинабго рагIалде бачине газеталъул хIалтIухъабазе пагьму-гьунарги.



**Шарапудин Къурбанов, ДР УФКялъул №I7 отделалъул начальник**

**Шарапудин, бокьилаан лъазе «Гъудуллъи» газеталдехун дур кинаб пикру бугебали?**

ГIемераб замана буго хIалтIуда нижеца подписка гъабичIого. Дицаго гъабула подписка. ЦIализеги цIалула. Дие кутакалда рекIееги гIола гъеб. Руго рубрикаби: динияб, спорталъул, сахлъиялъул ва г ь. ц. Районалъул лъугьа-бахъиналги якъинго загьир гьарулел руго. Дирго рахъалъан абуни кутакалда лъикIаб газета буго.



***Шумайсат МухIамадова, ОНОялъул хIалтIухъан***

***-Шумайсат, дуца нижер газеталъе подписка гъабулеб бугебищ?***

*Гъоркьиса гъабун букIана, исана заман щвезегIан чIун йиго.*

***-Бегьила. Газеталъул гъурмазда дуе кинал макъалаби рихьизе рокьилел?***

*-Дие бокьилаан газетазул гъурмазда жакъасеб гIумрудул хIакъикъат бихьизе. Жеги бокьилалъаялда хурхарал макъалаби ва щибаб мероприятиязулъ нуж гIахьаллъун, гъелъул материал газеталда ратизе.*

***Бугищ цоги критика ва гъари редакциялдехун?***

*-ГъечIо.*



МухIамад Бурагъанов, Санэпидстанциялъул хIалтIухъан

**-МухIамад, подписка гъабун бугищ дуца «Гъудуллъи» газеталъе?**

-ГъечIо, «Гъудуллъи» газетаялъе дица подписка гъабичIо, гъабизе ракIалдаги гъечIо.

**Щай? Кинаб бугеб гъелъие гIилла? Ва дур хIисабалда щиб камун бугеб газеталъе подписка гъабизе?**

-Газеталъе подписка гъабизе ккани, газеталда хъвазе ккола некIсиял гIадатазул, бахIарчиял гIадамазул, ГIанди округалъул ва цогидал росабазул хIакъалъулъ. Гъединго диналъул хIакъалъулъ макъалабиги цIикIкIинаре. ГIадамазе газета цIализе гъира бачIунеб къагIидаялъ биччай нужерго казият, хъвазе бокьун батани.



***ТIайгибат ХIажиева, Болъихъ бугеб «Чебурашка» яслиахалъул тарбиячIужу***

***ТIайгибат, дуца «Гъудуллъи» газеталъе подписка гъабураб бугищ?***

*-Буго. Дир хIисабалда гъеб цIакъ лъикIаб газета буго.*

***-Дуе щиб бокьизе букIараб газеталъул гъурмазда бихьизе, кинал гIунгутIаби дуда рихьулел газеталда?***

*-Дие бокьилаан газеталда **р**осабазул рукIа-рахъиналъул, гъезул некIсияб ва гьанжесеб заманалъулгун гIадатазул макъалаби гIемерлъизе. Гъединго дие бокьилаан нуж щибаб организациябаздегун учрежденияздеги ун гъезухъан букIине кколеб хIалалъ интервьюги босун, гъел газеталда рихьизаризе.*

*Амма газеталъул буго цо гIунгутIи: газетал жиндир заманалъ нижехъе рачIунел гъечIо.*



***Пари ГIумарова, почалъул хIалтIухъан***

***-Пари, нижер «Гъудуллъи» газеталъул рахъалдаса щиб дуца абилеб ва кинаб гъари яги критика дур бугеб?***

*-Дие бокьилаан подпискаби цIикIкIун, газета цебетIезе ва организациябаздагIаги лъалеб букIине жидерго районалъул ахIвал-хIал. Нужерго газета машгъураблъун гъабе, халкъалъ гъеб цIалулеблъун букIине. Гъеб жо гIумрудулъ бихьизабизе ккани нужеца газеталда лъезе ккола батIи-батIиял информацияби районалъул гIумрудул хIакъалъулъ, кидаго лъугьа-бахъиналъул централда рукIа. Сундуе къваригIараб жо бугеб пресса? Гъеб буго лъикIабги квешабги халкъалъул ва районалъул ахIвал-хIал хъван къватIиб чIвазабизе.*

# МУН КАЗИЯТ...



**ГIайшат Жамалудинова, библиотекаялъул хIалтIухъан**

**-ГIайшат, йорчIами, дие бокьилаан «Гъудулллъи» газеталда хурхараб цо чанго суал кьезе.**

-Бегьула , кье.

**Нижер газеталъул подписка гьабураб бугищ дуца?**

-Буго.

**Гьеб лъикI. ЦIалулищ дуца макъалаби? Щиб, дур хIисабалда, камун бугеб газеталда ва кинал макъалаби дуе рихьизе рокьун ругел газеталъул гьурмазда?**

-Дие бокьилаан газеталда диналъул, лъаялъул, гьанже ругел масъалабазул, наркотик-алкоголалъул заралалъул рахъазулъ макъалаби цIикIкIине. Жив-жив чиясда, хасго гIолохъанаб гIелалда лъазе ккола щал кколел магIарулал, кинал гьел рукIарал ва кинал рукIине кколел. Гьединлъидал бокьила бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ хъварал асарал газеталъул гьурмазда рихьизе.

**-Бугищ нижедехун, ай редакциялъул хIалтIухъабазде гьари яги критика?**

-Гьари буго. Нужер газета берцинаб ва интересаб лъугьинабе. Нужее гьарула къуват ва сабру, редакциялъе тIегьай.



**ПатIимат Сагитова, 33 соналъ ГIалахъ почалда начальниклъун хIалтIарай, жакъа мустахIикъаб хIалхьиялда йигей, амма газеталда хадуб жиндир ракI унтулей, унго-унгояй цIалдолей.**

Дун йигин абизе бегьула гIумру газета-журналазулгун бухьарай гIадан. ХIатта, дицаго макъалабигицин хъвалан газеталде. Ва бищунго хирияв гьоболасухъ кинигин балагьунги чIолаан гьеб бачIиналъухъ. Кутакалда рекIеда хIунсула жакъа къоялда гIадамазул газеталдехун бугеб бербалагьиги къо анагIан макъалабазул рахъалъан мукъсанлъулеб газеталъул гьурмалги. Жакъа къоялда гьабилан абун цIализе гьира балел рубрикаби хутIун гьечIо газеталда. Цере рукIана: рубрикаби«Школа ва гIумру», «МагIарулай» ва гьелдаго рельълъун гIумрудул щибаб ишалда сверун хъварал макъалабиги. Жакъасеб газеталда киб бугеб гIумру-яшав, малъа-хъваял?! Щибго хутIун гьечIо. Бокьилаан гьеб рахъ, ай рубрикаби бечед гьаризе.



**Мадина МухIамадова, редакциялъул хIалтIухъан**

**Росу сверун гIадамал цIехон свакана, гьанже нилъерго газеталда сверухъ дица рагIи абила.**

**Щиб камураб газеталда? Камураб жо бихьичIо, гIадамаз гьечIин абурал макъалабиги ратана. ГIажаиблъи гьеабизе кколеб жо гьечIищ? Газеталъе камун бугеб жо буго подпискаги, казият цIалулел гIадамалги. Амма кигIан щиб гьабуниги, гIадамал разилъулеб жоги батулеб гьечIо. КIвеладай инсан рази гьавизе?!**

**Асият ТIалхIатова, тохтур-бактериолог**

**Асият, дуца нижер «Гъудуллъиялъе» подписка гьабун бугищ?**

-БитIун бицани, дица гьелъие подписка гьабичIо. Амма хIалтIуда газета батараб мехалъ гIемериселъ цIалула.

**-Гьедин дуца цIалулеб бугелъул гьаб газета, дие бокьилаан дуда гьикъизе, щиб камун бугеб газеталда дур хIисабалда, щиб жубазе ва лъезе бегьулеб газеталъул гьурмазда?**

-Цере газетазда хIакълъунго рукIана макъалаби, гIадамазе рекIелгъей гьабизе кумекалъе ратулел, гьенир хъвалаан кучIдул, къисаби, гьанже абуни гьел къанагIат гурони рихьуларо. Жеги гьанже ругел газетазда магIарул мацI гIадамазе бичIчIунареб хIалалъ хъван буго (МагIарулазда бичIчIунареб магIарул мацI кинабдай букIунеб). Цо-цо рагIаби рукIуна рагIизего рагIичIел. Гьел цIехезе ккани цоцазухъ ахIизе кколеб буго. АхIараздаги рагIабазул магIна лъачIеб мехалъ, тIолабго газеталдехун бугеб интерес билулеб буго. Нужер газета цIализе ккани, «добавьте изюминку».



**АбугIали ГIалиев.**

**КIиго рагъухъан вуго,**
**Дида цеве вахъун чIун.**
**Цоясухъ ярагъ буго,**
**Цоясухъ къалам буго**

абурал МухIамад ГIабдулгIазизовасул рагIаби ракIалде щола дида газета къватIибе биччазе хIадурулеб лахIзаталъ. БитIахъего, гьединаб хIалуцараб хIалтIулъ мехтун рукIанин абизе бегьула ниж АбугIали ГIалиев саламги кьун типографиялде жаниве лъугьиндал.

**Щиб, АбугIали, Египет тирулей Зулейха гIадин, редакциялде рещтIинчIеб къо гIадада араблъунищ толеб? Бокьилаан лъазе «Гъудуллъи» газеталде бугеб рокьийищ дур гьеб яги батIияб мурадищ бугеб?**

Щай дие бокьилареб букIараб дир инсуего бокьулеб букIараб газета бугелъул гьаб.

**Багьана гьабихье, дунго ГIалихъеян хьвадичIого, щайха подписка гьабулареб нижер газетаялъе?**

Вай аман, гьеле бугьтан. Рокъов вугевщинав чияс лъаб-лъаб хъваниги бачIунебищ гьеб бугеб? БачIунги цIализе щиб гьелда батулеб? ГIурусаца абула «Если гора не идет к Магомеду, то Магомед идет к горе»-ян. Гьалеха вачIун вуго Магомед, кибе ана пятницаялъго къватIибе биччазе кколеб букIараб газета? ТIадеги абила дица гьеб бугин, «основной» тираж гIодоб кьабиялъул гIаламатин. Цоги гIилла кинабха бугеб?

Куракалъул ящикал цIолел гьечIо.

Агьа, батана гIайиб бугьизе цоги бакI.

ГIайибални магь цIун къватIире, къвал цIун жанире росизе гIузралги руго.

РикIкIилин:

Гьабин абун газеталда цIализе жо щибго гьечIо; кир ругел росдал гIадатал, абиял, легендаби, культураялъул хIакъалъулъ хъварал рубрикаби, таварихалъул баянал? ГьечIо. Щибго гьечIо. Бищунго ракI унтараб жо буго гIадамазул газеталъулгун бухьен бихьулеб гьечIолъи: «Нужер кагътал», «Гьикъе-бицина» ва гьелда рельълъарал рубрикаби ратулел гьечIо. ГIадамаздаги гIайиб щиб, газеталде суал битIарав чи абадияб рокъове кьокьина, къавуль газета щвелалде.

Бокьилаан гIурусаз абухъе, материалазул «актуальность» хвечIого букIине, анкьида жаниб кIиго газета бачIинегIаги.

Амма кин бугониги, тIоцебесеб иргаялда дица газеталъе ва гьелъул хIалтIухъабазе гьарилаан хIалтIи лъикI бачине ва халкъалъе хьулухъалда кваранаб квер гIадин батизе пагьму-гьунар гуребги, хIалтIуде гьира базабулеб, гIадамазул бер гIорцIараб минаги. БитIахъего, дун гIадин гьоболлъухъе нужехъе щолев чиги ватиларо, ракIбацIцIадго абулеб буго ферма гIадин буго редакциялъул мина.

Кинабго роцIцIаги, дун гIадин газеталда хадур рекерулел подписчикалги гIемерлъаги хIалтIиги цебетIейги. Нужееги гьабулеб битIаги .Дунги ана. Дир газетаги бачIунеб анкьалъгIаги щвезе батила.



**Заира МухIамадова, редакциялъул хIалтIухъан**

**Гьадинан жаваб кьуна гIемерисел пачалихъалъулал хъулухъазда кIусарал «интеллигенциялъ». Амма газета букIингицин лъаларел гIемерал ратана, хасго гIолилазда гьорлъ. РакIалде щвана Р. ХIамзатовасул «Дир Дагъистан» абураб тIехьалда бахъараб цо лъугьа-бахъин.**

**Франциялдасан тIад вуссун вачIарав Расул ун вуго цо пуланал гIадамазухъе. Парижалда гьезул васги вихьанин, лъикIаб магIишат-яшавалда гIумру гьабулевги вугилан бицине. Гьикъабакьи гьабун хадуб васасул эбелалъ цIехон буго:**

**-Я, Расул, магIарул мацIниги кIоченчIого бугищ васасда?-абун.**

**-Валлагь, магIарул мацI гьеса кIочон буго,-ян жаваб кьун буго Расулицаги.**

**Гьеб мехалъ херай магIарулалъ Расулида абун буго:**

**-Йохъ, Расул, дир вас чIаго гьечIо, хун вуго дир василан.**

**МацI кIочараб, миллат биларараб къо букIина нилъеда цебе жакъаго, рахьдал мацIалде кIвар кьечIони. «Гъудуллъи» газетаги рахьдал мацIалъул паспорт гIадаб жо ккола. ЦIале ва хьвай дурго рахьдал мацIалда къватIибе биччалеб районалъул рисалат.**

Нужер кагътал

# ДИР РУХIИЯБ ГЪУДУЛ «ГЪУДУЛЛЪИ» ГАЗЕТ



Ассаламу гIалайкум, хIурматияб «Гъудуллъи» газеталъул редакция.

БитIулеб буго дица рисалат, урхъиги бухIиги жаниб къулчIараб.

Таманалго сонал руго дир район тун гIатIиракъалда гIумру гъабулелдаса нахъе. РакIалда щола гIагараб ракъги, мугIрулги, щобалги, гIолохъанлъиги. Жакъа къоялда районалъул хIакъалъулъ цIияб хабар лъазе ккани кинаб бугониги квалквал гъечIо. Бокьани хъвазе, бокьани бахъун сурат, видео цоцахъе рехизе рес буго. Амма кин бугониги, буго цо гIей гьечIеб рахъ: камун буго рухIияб хурхен гIагараб ВатIаналъулгун. РакIалда буго, гIолохъанаб заманалда росуль ругонигицин газеталда балагьун, халккун чIолел рукIараб куц. Цоцахъан бахъун гьеб цIалулеб букIараб куц.

Бокьилаан гьеб, гIурусаца абухъего, «Ностальгия» жакъаги чIаго гьабизе.

Жакъа къоялда дунялалъул рагIалда ругониги цоцаде кIалъазеги ахIизеги рес бугеб замана бачIун бугелъул, газета биччалезе хIажалъила хасаб бахIарчилъиги къуркьи гьечIеб таваккалги газеталдехун гIадамал руссинаризе. Дица ракI-ракIалъ гьарула гьезие гьеб.

Дида гьаб «Гъудуллъи», хIисаб гьабидал
ХIикматаб ахалда релълъун бихьула;
Бицунебщинаб жо нилъей гьел гьурмаз
Сахав гьобол вугин къавулъе ваче!

БачIа щибаб рокъоб, гьудул кинигин
«Гъудуллъи» цIарги чIван рещтIунев чапар.
Духъ гIашикълъун ругин дур магIарулал,
Майилан кьела квер, бачIа гьоболлъухъ.

Хисана замана, хисана сонал
СвинчIого хутIана цохIо «Гъудуллъи»
Биххана пачалихъ, чороклъана ракь
Амма дур цIаралда лъечIо жеги тIанкI.

Мун гьечIеб цIараки гьаб тIалъиялда
ЦIа свараб гьансито гIадинан буго,
Духъ рокьи ккечIев чи мугIрул ракьалда
Янгъизго хутIарав ятимлъун вуго.

Сонал цIикIкIун ранин, йохъ, мун херлъуге,
Гьелъул гIаксалда мун гIолохъанго чIа
ГIасру сверун анин бетIер хьахIлъуге,
Хъван битIе рисалат щибаб рокъобе.

**Загьра ХIадисова, МахIачхъалаялда гIумру гьабун йигей Шодрода росулъей.**

# ХIАЖАТ БУГИЩ МАГIАРУЛ МАЦI?!

**Газеталъулгун хурхен гIолилазулги батичIого дида ракIалда ккана «современный» магIаруласул магIарул мацIалдехун бугеб пикруялда сверухъ опрос гьабизе.**
**ХIажат бугищ магIарул мацI?**
**Щиб гьабизе кколеб рахьдал мацIалде рокьи бижизе ккани?**
**Лъил гIайиб бугеб рахьдал мацI кIочон тей?**



**МавлидмухIамад Расулов, 19 сон, студент**

1.МагIарул мацI магIарул чиясе чара гьечIого хIажатаб буго. Цо гIакъиласул руго гьадинал рагIаби: «Рахьдал мацI ккола миллаталъул гIелму борцунеб роцен» абураб.

Щивав чи вукIине ккела миллаталъул вакиллъун. Рахьдал мацI лъаларев чи кинав вакил вукIинев? Дицаго абила рахьдал мацI инсанасе чара гьечIого лъазе тIадаб бугилан.

2. МагIарул мацIалде рокьи бижизе ккани, тIоцебесеб иргаялда рокьи букIине ккела жиндирго умумузде, хадуб гIураб ракьалде. ЦIализе ккола рахьдал мацIалда хъварал тIахьал, газетал. Рахьдал мацIалде рокьи бижинабизе ккелаха рокъоб эбел-инсуцаги, школалда мугIалимзабазги. Амма гIицIго гьезда бан иш тезе бегьиларо. Гьениб кIудияб гIахьаллъи гьабизе ккела маданияталъулги, телевидениялъулги газеталъулги хIалтIухъабазги. Гьез лъикIаб тIадчIей гьабуни, ракIалда ккола рахьдал мацIалдехун рокьи бижичIого букIине ресго гьечIилан.

3. Узухъда, рахьдал мацI кIочон толеб букIиналъе дица гIайибияллъун рикIкIуна эбел-эмен ва рахьдал мацIалъул мугIалимзаби.

**Гьадаев АхIмад, 23 сон**



1.Дир пикруялда, магIарул мацI лъазе гьедигIанго тIадаб гьечIо. Гьеб цохIо росулъ кIудияздехун кIалъалелъул гурони, хIалтIизабизеги ккоoriginal. Тахшагьаралде рахъанани, гьеб мацIалдасан щибго пайда гьечIо.

2.Щибго гьабизе кколаро, щивав чияс жинцаго тIаса бищула бицине бокьараб мацI.

3. ГIайиб лъиданиги гьечIо, просто магIарул мацI лъананиги лъачIонаниги гьелъул щибго разница гьечIо.

**Сакинат ТIалхIатова, 17 сон, 1курсалъул студентка**



1.МагIарул мацI лъазе ккоleблъи нилъеда бихьулеб буго жакъа ругел кочIохъабазухъ гIенеккидалги. ГIемер рагIула магIна гIинго гьечIел кучIдул. Гьебги гьез, мацI лъикIго лъалеб яги ахIулеб, рагIул магIна бичIчIулеб букIарабани, гьедин ахIилароан. Узухъда, дица абила мацI щивав чиясда лъазе тIадаб бугилан.

2. Рахьдал мацIалда хъварал тIахьал цIализе ва театралда балагьизе ккола.

3. Рахьдал мацI кIоченехъин букIиналъе гIайибиял ккола кьокь гьабун абуни гьелда мугъ рехун чIолел тIолалго магIарулал.

**ГIазраСагIитбегова, 18 сон.**



1.МагIарул мацI хIажат гьечIин дица абиларо. Амма, хIисаб гьабураб мехалъ, гьеб цIакъго мискинаб буго. ХIажатаб рагIи батулеб гьечIо, гьединлъидал гьеб рагIи хисизе кколеб буго гIурус рагIудалъун.

2. МацIалде рокьи бижинабизе ккани, гьеб берцинги бечедги бихьизабизе ккелаха.

3. ТIубанго рахьдал мацI кIочон толеб бугони, гье лъие гIайибиял эбел-эменги, мугIалимзабиги, культураялъул хIалтIухъабиги магIарул мацIалда газет-журнал бахъулел редакциялъул хIалтIухъабиги рукIине ккелаха.

***Дир суалазе жавабал кьолел гIемерисез абулеб букIана магIарул мацI мискинаб бугилан. РакIалде рачIана Расул ХIамзатовасул «ГIагараб авар мацI, дир дарман, дир гьаракь. Дир рекIелъ цIа бакизе гIучIал росизе дун мадугьалихъе инчIо»,-ян абурал гьал рагIаби.***

***Амма жакъа магIарулазда жидерго пикраби рахьдал мацIалда загьир гьаризе захIмалъулеб буго. Бокьилаан гьаб суалалда сверухъ нужер пикраби кинал ругелали лъазеги.***

# ГІАКІА КЪОТІИЗЕ БУГО

8-го къо хутІана гьаб сон лъугІинеги цІияб 2020 сон тІаде щвезеги. Гьелъул хІасилалда лесничествоялъул хІалтІухъабаз лъазабулеб буго ЦІияб сон гьабулел абун ун рохьосан гІисинал гъутІби (елкаби) къотІизе бегьуларилан ва тІабигІат цІунизе кколилан.

Пачалихъалъул хІукмуялда ре къон ( 273 от 08.05.2007 с. ) цо гьитІинаб накІкІил рохьил гъветІ къотІанани 12 см. биццалъиялде бахинегІан гІакІа тІад лъезе бихьизабун буго 2272 гъур. гІарац. Хасго гьаб декабрь-январь моцІалъ.

Гьелъго бицунеб буго хІукуматалъ кинаб кІвар кьолеб бугеб тІабигІат цІуниялда хадуб. Гьелъ гьарулеб буго цоги нухалъ живго лъикІав лъугьун рохьовеги ун гІисинал гъутІби къотІугеян.

БукІине буго хал гьаби милициялъул ва лесничествоялъул хІалтІухъабазул къуваталдалъун районалда, росабалъ ва милициялъул постазда 18 абилеб декабралдасан – 31абилеб декабралде щвезегІан.

Кодоб документ, ихтияр гьечІого елка къотІун ватарав чиясда тІад дело гьабизе буго ва тІадехун рехсараб гІакІаги бахъизе буго.

ЦІуне нилъерго бечелъи тІабигІат - рохьал. Рохьал инсанасе, ракьалъе, лъималъе, рохьил азарго батІиял рухІчІаголъиялъе гьечІого гІоларо.

**М.МУХІАМАДХІАЖИЕВ,**
**Болъихъ Лесничествоялъул заместитель**

# ГІОЛИЛАЗДА ГЬОРКЬОБ ТУРНИР ТІОБИТІАНА

Араб анкьалъ Микрорайоналда бугеб ДЮСШялъул кІалгІаялда тІобитІана 10-17 соналъул ригьалде рахарал лъималазда гьоркьоб боксалъул турнир. Гьеб гІуцІана ДЮСШялъул ва боксалъул тренеразул хІаракаталдалъун.

Гьединаб турнир гІуцІиялъе мурад букІана лъималазул боксалдехун гъира базаби. Турниралда гІахьаллъи гьабуна АнсалтІа, Чанхъо, Муни ва Болъихъ росдал командабаз.

Лъималазул церерахъиналъе къимат кьолеб жюриялъул гІахьалчагІилъун рукІана:

Абакаров Салман, СагІадуев Арсен, Къебедибиров МахІач, Дибиров ГІабдула.

Рингалъул кІудияв судья ГІисакъов Камил.

ЛъикІаб ва хІадурараб церерахъин бихьизабуна гІолилаз.

Турнир лъугІун хадуб лъимал боксалде хьвадиялъул иш ва хас гьабун спорталдехун бугеб балагьи гІей бугеб ва камураб рахъ хал гьабун цІех-рехазде дун ана ГІисакъов Камилиде аскІове.

**-Камил, кинаб хІалалда бугеб жакъа спорталъул иш школалъул цІалдохъабазда гьоркьоб бугищ гІей гьечІеб рахъ, абизе бокьараб рагІи?**

-Къо анагІан тренировкабазде хьвадулел лъимал цІикІкІунел руго. Эбел-инсулги масъала буго лъимал физически церетІурал лъугьизе, цогидаб квешлъиялде гьел регІизе, дора-гьанир къватІал сверулел рукІинчІого ,спортзалалде хьвадизари.

Амма кутакалдасан квеш ккараб жо буго боксалъе шартІал чІезабураб спортзал гьечІолъи, нижеца тренировкаби гьаризе ккун руго школалъул спортзалалда, грушаги ххезабун, къваригІараб-хІажатабги баччун гьенир жанир рукІуна лъадарулел. Бокьилаан нижее гьеб гІузруги тІубазе. Лъималазул бергьенлъи, районалъул бергьенлъилъун кколелъул.

-Баркала, Камил, гІатІидаб баяналъухъ. Спорталъулъ гьарула чІахІиял бергьенлъаби.

**ХІ. НУГЪАЕВ.**

# ВОЛЕЙБОЛАЛЪУЛ РАХЪАЛЪ ЧЕМПИОНАТ

14-15 декабралда Микрорайоналда бугеб ДЮСШялъулспортзалалдажаниб тІобитІана общественниябгун политикияв хІаракатчи Расул Сагитов ракІалде щвеялъе росабазул командабазда гьоркьоб волейболалъул рахъалъ чемпионат.

Турниралда гІахьаллъана Болъихъ, Зило, РахатІа, Кьохъ, Муни, АнсалтІа ва КІижани росдал командаби.

Турнир рагьана р а й а д м и н и с т р а ц и я л ъ у л спорталъулгун гІолохъабазул ва туризмалъул отделалъул начальник Темирхан Дибировас

-Расул Сагитов хІалтІана исполкомалъул депутатазул председательлъун, вукІана райкомалъул тІоцевесев секретарьлъун, Верховный Советалъул депутатлъун Ва жакъа нилъеца гьев ракІалде щун тІобитІулеб буго волейболалъул рахъалъа турнир. Гьелъие аслияб мурадлъун ккола районалда волейбол цебетІезаби, спортивияб махщел ва къецазулаб хІалбихьи борхизаби-ян абуна гьес.

ГАУ РД «МФЦ ва РД»-ялъул Болъихъ бугеб филиалалъул директор МухІамадкамил ХІажиевасги жиндирго кІалъаялъулъ кІудияб къимат кьуна жиндир мунагьал чураяв Р. Сагитовасе.

-Жакъа нилъеца кІудияб хІурматгун ракІалде щвезабулеб буго Расул Сагитовасул цІар. Жинца районалъул экономикагун социалияб рахъ цебетІезабурав ва гьелдаго цадахъ спорталъулги машгьурлъи тІибитІизабурав унго-унгояв магІаруласе мустахІикъаб къиматги кьолаго. 70-абилел соназ районалъул тІаса бищараб волейболалъул команда цо нухалъ гуро чемпионлъунги бахъараб Дагъистаналъул кубокалъеги мустахІикълъараб-ян ракІалде щвезабуна бергьенлъиялъул лахІзатал.

Гьединго кІалъазе вахъана Сагитов Расулил внук (сибтІ), гьес кІудияб баркала загьир гьабуна районалъул нухмалъулезе гьединаб турнир гІуцІаралъухъ ва гІарцулаб квербакъиялъухъ. Гьарана щибаб командаялъе щулияб сахлъи ва лъикІаб хІай.

Турниралъул хІасилалда тІоцебесеб бакІ босана Муни росдал командаялъ, кІиабилеб бакІалде бачІана Болъихъ росдал команда ва лъабабилелъе мустахІикълъана КІижани росдал команда. Бергьаразе кьуна дипломал, медалал ва гІарцулал сайгъатал. Гьединго гІарцулал шапакъатал щвана бищунго лъикІал ва лебалал волейболистазеги.

**Ж. АхІмадудинова.**

# Дагестанцы могут пользоваться электронными трудовыми книжками

С 2020 года в России появится электронная трудовая книжка. Новый цифровой формат призван обеспечить постоянный и удобный доступ граждан к информации о своей трудовой деятельности, а работодателям – к новым возможностям кадрового учета. Переход на электронные трудовые книжки будет добровольным, позволяющим сохранить бумажный формат столько времени, сколько это необходимо. Исключением станут те граждане, кто устроится на работу впервые с 2021 года. У них все сведения о трудовой деятельности изначально будут вестись только в электронном виде без оформления бумажного носителя.

"Для этих целей индивидуальный лицевой счет гражданина дополняется новым разделом, - комментируют в ГУ – ОПФР по РД. Раздел будет содержать сведения о приеме, увольнении, переводе работника, наименовании должности (профессии) с указанием даты и номера приказа. Данные сведения о трудовой деятельности будут предоставляться работодателями ежемесячно, не позднее 15-го числа месяца, следующего за отчетным".

Одно из важнейших дополнений законопроекта касается представления работодателями сведений в ПФР. Теперь в случае выявления работником неверной или неполной информации в сведениях о трудовой деятельности, представленных работодателем для хранения в ПФР, работодатель по письменному заявлению работника будет обязан исправить или дополнить такие сведения и представить их в Пенсионный фонд.

Просмотреть сведения о трудовой деятельности можно будет в "Личном кабинете" на сайте ПФР, на портале госуслуг. При необходимости сведения о трудовой деятельности будут предоставляться в виде бумажной выписки. Предоставить ее сможет нынешний или бывший работодатель (по последнему месту работы), а также отделение Пенсионного фонда или МФЦ.

С 2021 года для тех, кто впервые вступит в трудовые отношения, сведения о трудовой деятельности будут формироваться только в электронном виде, а трудовые книжки на указанных граждан не оформляются. Остальные работники смогут при желании оставить и бумажный вариант трудовой книжки. Для этого в течение 2020 года работник должен написать заявление своему работодателю.

Награды и благодарности не будут вноситься в электронную трудовую книжку. Об этом сообщают в Пенсионном фонде Дагестана

Наличие благодарностей и наград в трудовой книжке не влияет на начисление пенсии - все выплаты за какие-либо заслуги необходимо подтверждать удостоверениями. Именно поэтому данную информацию было решено не вносить в цифровые трудовые, уточняют в ведомстве

В ОПФР по РД напоминают, что в начале декабря Госдума приняла законопроект о переходе на цифровые трудовые книжки. Переход на трудовые книжки нового образца будет осуществлен с1 января 202I года. А до 30 июня 2020 года работодателям необходимо уведомить каждого работника в письменной форме об этом и сообщить о возможности выбора между двумя видами документов.

Цифровая трудовая книжка обеспечит постоянный и удобный доступ работников к информации о своей трудовой деятельности, а работодателям откроет новые возможности кадрового учёта. Переход на электронные трудовые книжки добровольный и позволяет сохранить бумажную книжку столько, сколько это необходимо.

**ГЬУДУЛЛЪИ**

**Газета гIуцIарал:**

**«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация**

**Учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

Редакторасул бакIалда

**М-Р. ГъазимухIамадов**

Отделалъул редакторал:

**П. Дибирова ,**

**ГI. ГъазимухIамадов**

Мухбирзаби:

**С. Бисага**

**З.МухIамадова**

**М. МухIамадова**

**Х. Хасаймирзаев**

**Корректор**

**П.МухIамадова**

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**С. Камилова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

**Фотокорр**
***К. Камилов***

*Индекс: 368970*
*Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5*

*Телефонал:*
*Редакторасул 2-20-53*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*
*Тираж -550*
*Индекс-51349*
*Багъа-6 гъурущ*

*Газета печаталде кьуна 16.00 хамиз къоялъ*
*Газета кьабуна 20.00*

*Заказ № _____*

*Газета перерегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых комуникаций 31 мая 2017 года.*
ПИ *№ ТУ 05 - 00381*

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.*
*Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*

# ИНСТАГРАМГИ ВАТСАПГИ ВА ЦОГИДАЛ ГЬИНАЛГИ...

## *Жакъасеб къоялъул «къваридаб» сарин суратаздалъун ахIилин нужее*







*-Ле гIолилал, анкь буго дир газеталъухъ балагьун чIун, кье дир казият.*
*-ЯхI гьабе цIакъ интересаб жо бугин гьаниб хъван*
*-Вабабай! дир газета цIацIачIого, нужецаги подписка гьабе.*

*Бокьун бугеб бицинищ, ада?*
*-Бицея*
*-Нижее бокьун буго газеталда цIализе абундачал,бицанкIаби,кицаби, маргьаби,кучIдул.Амма щибго батулеб гьечIо.Киб бугеб лъималазул гьумер?*

***-Гьалеха, гьадинаб бокьула дие казият. Района лъул гIумруги, «Бадиса бадибе» абулеб рагIиги.***









***КIалъалеб буго Болъихъ: «Ватсапги, инстаграмги, радиоги, телевидениеги нилъее щай, нилъерго казият лъикI».***

***НекIсияб почол корониб бакьги рехун, цIалун казиятгун хинаб рокъоб некIо букIараб кеп ,гьанже компьютералдаса казиятги кьабун кидалъагIандай тIурала?***

***РачIа нилъецаги казияталъулгун бухьен гьабизе. ГьанжегIаги регIизе ратилин редакциялъул хIалтIухъаби нилъедеги.***